



PEMERINTAH KOTA BOGOR
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI CIBULUH 4
KECAMATAN BOGOR UTARA

Jl. Ciburial RT 04/04 Kel. Ciparigi Bogor 16157 Telp. (0251) 8664194
NPSN 20220082 NSS 10 1 02 61 01 032

PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS) GANJIL
SEKOLAH DASAR (SD)
TAHUN PELAJARAN 2021/2022

MUATAN PELAJARAN : BAHASA SUNDA
KELAS : VI (ENAM)

HARI/TANGGAL : Kamis / 23-09-2021
WAKTU : Jam Ke-1

No. Absen	Nama Siswa
-----------	------------

- I. Cakra (x) jawaban anu pang benerna!
Baca sing taliti!

KANTONG SEMAR

Tutuwuhan kantong semar (basa Laténna: *Nepenthes*) jangkungna bisa nepi ka 15-20 méter, ku cara naék atawa némpél kana tutuwuhan liana, sok sanajan teu sakabéh ieu tutuwuhan téh mangandeuhan kana tangkal lian. Tina tungtung daun aya sulur atawa alat nu bisa ngawangun kantong. Hal ieu téh mangrupa bubu pikeun nangkeup mangsana (misalna waé sabangsa reungit, pacét, atawa anak bangkong) anu asup ka jerona. Umumna, kantong semar mibanda tilu rupa wangun kantong, nyaéta kantong luhur, kantong handap, jeung kantong roset. Kantong luhur nyaéta kantong tutuwuhan anu geus dewasa, biasana ngawangun corong atawa silinder, teu mibanda jangjang. Bagian sulur nyanghareup ka tukang sarta bias muteran rangrang tatangkalan nu lian. Kantong luhur ogé mibanda pancén pikuen nangkaep sasatoan nu ngapung, saperti reungit atawa laleur. Kantong handap nyaéta kantong nu dihasilkeun ku bagian tangkal nu masih ngora sarta biasana ngagolér luhureun taneuh. Ari kantong roset, mibanda wangun nu sarua sapertikantong handap. Ngan kantong roset mah jadi tina bagian daun nu ngawangun roset.

- Dihandap ieu mangpurakeun ciri tina tutuwuhan kantong semar, nyaeta....
 - jangkungna 10-20 méter
 - jangkungna 20-25 méter
 - tangkal ngareuy
 - tina tungtung daun aya sulur
- Bagian tina tutuwuhan kantong semar nu biasana ngawangun corong atawa silinder, nyaeta....
 - kantong luhur
 - kantong handap
 - kantong roset
 - kantong tengah

3. Tina tungtung daun aya sulur atawa alat nu bisa ngawangun kantong, mangfaatna pikeun....
 - a. pikeun ubar batuk
 - b. pikeun nangkeup mangsana
 - c. pikeun bijil kembang
 - d. pikeun bibit
4. Barudak keur ulin diburuan. Kecap anu ka asup rarangken tengah, nyaeta....
 - a. barudak
 - b. keur
 - c. ulin
 - d. buruan

Bumi Indonesia

Indonesia beunghar suku jeung budaya
Ti Sabang nepi ka Marauké
Urang kedah ngarasa bangga janteun urang Indonesia
Seueur anu hoyong ngagaduhan bumi Indonesia
Indonesia nagara nu beunghar
Rupa rupa Bahasa jeung kabudayaan
Urang silih rojong, gotong royong
Silih ngahargaan beh tenang tengtrém damai

5. Makna anu dikandung dina teks puisi diluhur, nyaeta....
 - a. bumi Indonesia
 - b. suku jeung budaya
 - c. ngarasa bangga
 - d. silih ngahargaan
6. Hirup kudu silih rojong jeung gotong royong, ngabasmi pasalingsingan mangfaatna nyaeta....
 - a. hirup jadi parasea
 - b. hirup jadi beunghar
 - c. hirup jadi tenang téngtrém damai
 - d. hirup jadi beuki miskin
7. Tarian Jaipong mangrupa salah sahiji budaya seni tari di daerah....
 - a. Jawa Timur
 - b. Jawa Tengah
 - c. Jawa Barat
 - d. Madura

SABILULUNGAN

Sabilulungan, urang gotong royong

Sabilulungan, urang silih rojong

Sabilulungan, genteng ulah potong

Sabilulungan, persatuan tembong

Tohaga, rohaka

Rempug jukung ngabasmí pasalingsingan

Satia, sajiwa

Rempug jukung ngabasmí pasalingsingan.

- 
8. Nu nyiptakeun lagu *sabilulungan* diluhur, nyaeta....
- Mang Koko
 - Mang Dadang
 - Mang Agus
 - Mang Rio
9. Kecap *Silih Rojong* hartina, nyaeta....
- Hirup mandiri
 - Gotong royong
 - Silih ngabantu
 - Sapamadegan
10. Kecap *pasalingsingan* sarua dengan kecap....
- Beda jalan
 - Silih jalan
 - Hirup mandiri
 - Gawe bareng
11. Dina lagu *Sabilulungan*, cenah urang kudu ngabasmí....
- Jalma nu sarakah
 - Pasalingsingan
 - Jalma nu resep korupsi
 - Kajahatan

PUPUH LADRANG

Aya hiji anak bangkong leutik

Mokahaan

Maksudna ngéléhkeun sapi

Nahan nafas antukna bitu beuteungna

12. Pupuh diluhur sajenis pupuh....
- Kinanti
 - Maskumambang
 - Ladrang
 - Asmaranda

13. Guru wilangan jeung guru laguna Pupuh diluhur nyaeta....
- 10i,4b,8i,12b
 - b.10u,5a,8u,10a
 - 8i,12a,10i,4a
 - 10i,4a,8i,12a
14. Buku dibaca ku Ani nepi ka tamat. Mun di jieun jadi kalimat aktif nyaeta....
- Ani nuju maca buku rek nepi ka tamat
 - Ani maca buku rek nepi ka tamat
 - Ani maca buku nepi ka tamat
 - Ani rek maca buku nepi ka tamat
15. Aki tuang seupan boléd.
- Nuju
 - Boléd
 - Tuang
 - Aki
16. Buku ku bu guru. Eusi titik titik nyaeta....
- candak
 - Kacandak
 - Dicandak
 - Nunyandak
17. *Bakat ting kesel budak téh najong panto.* Kalimah ieu ngagunakan rarangkén....
- Rarangkén tengah
 - Rarangkén tukang ing
 - Rarangkén hareup ing
 - Rarangkén ar
18. *Alhamdulillah keursaning Allah abdi sehat wall afiat.* Kalimah ieu ngagunakan rarangkén....
- Rarangkén tengah
 - Rarangkén tukang ning
 - Rarangkén hareup ing
 - Rarangkén ar
19. Dihandap ieu salah sahiji conto kata benda nyaeta....
- | | |
|-----------|---------|
| a. Taneuh | c. Bawa |
| b. Cokot | d. Make |
20. Suku kuring bareuh da Kamari di cai, da leueur.
- | | |
|--------------|--------------|
| a. Tigujubar | c. Tikudawet |
| b. Tisolédát | d. tiporosok |

II. Pigawe ieu soal dihandap luyu jeung parentahna!

21. "Abdi mah nuju (*repot*) nu mawi moal tiasa dongkap." Kécap nu dijero kurung kuduna mah....

22. Tarian anu asalna ti Jawa Barat salain tari Jaipong, nyaeta tari....

23. Salah sahiji manfaat akur jeung tatangga, nyaeta....

24. Téngetan ieu gambar!



Gambar di luhur mangrupikeun baju adat ti daerah.....

25. Téngétan ieu gambar!



Waditra (alat musik) ieu kaasup waditra has Jawa Barat nyaeta....

26. Sawah keur dipacul ku Mang Agus. Kalimah digigir mun dijadikeun kalimah aktif, nyaeta....

27. Asep nuju ngumbah wadah. Kalimah digigir mun dijadikeun kalimah pasif nyaeta....

28. Kota Bogor téh katelah kota

Bapa Ibu manga dihaturan heula di rohangan palih dieu !

29. Kecap nu luyu pikeun ngalengkepan kalimah nyaeta....

30. *Anggeuskeun ieu kalimah di handap!*

Hirup manusa mah sagala rupana diatur ku nu Maha Kuwasa, lir wayang dipolah....

III. Pigawe ieu soal di handap luyu jeung parentahna!

31. rapat - nu - geuning - téh - can - daratang.

Susunan kalimah diluhur pikeun ngajadi kalimah nu luyu !

Jawab:

32. Yukie juara ka hiji dina lomba Hafizd Qur'an.

Jieun kalimah tanya ngeunaan jawaban di luhur!

Jawab:

33. Sebutken 3 (tilu) sikap pikeun ngawujudkeun persatuan dina kaanekaragaman bangsa Indonesia!

Jawab:

34. Tuliskeun 3 (tilu) contoh kalimah aktif jeung kalimah pasif!

Jawab:

35. ditumpakan - Amir - ku - sapeda - jeung - babaturanna - sakola - ka

Susun kalimah di luhur pikeun kalimah pasif jeung kalimah aktif!

Jawab:



